



Pou Piblikasyon Imedya: 17/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU FDA KI OTORIZE PREMYE DÒZ
RAPÈL POU TIMOUN KI GEN SENK RIVE 11 ANE**

"Jodi a, ekspè ki gen renome nan sante pedyatrik ak doktè nan Administrasyon Pwodui Alimantè ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) te otorize premye dòz rapèl COVID-19 pou timoun ki gen senk rive 11 ane. Mwen konnen se yon nouvèl ki espesyalman byenvini pou paran ak responsab yo nan tout New York ki te tann ak pasyans pou bay timoun yo kouch pwoteksyon anplis ke dòz rapèl la bay kont maladi grav akòz COVID-19 la. Apre rekòmandasyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo, New York pral pare pou ofri dòz rapèl pou popilasyon ki fèk elijib sa.

"Dòz rapèl yo disponib tout kote, gratis ak san danje. Epi, lè sa gen pou wè ak pwoteje Nouyòkè yo kont COVID-19, yo kontinye se pi bon defans nou. Toujou, avèk yon ti jan plis pase mwatye Nouyòkè ki pran dòz rapèl, nou bezwen plis Nouyòkè—adilt ak timoun yo—pou pwofite zouti sa ki sove lavi.

"Kidonk, mesaj mwen pou paran ak responsab yo se sa: nan mitan pil bon nouvèl sa yo, an nou trase yon egzanp pou timoun nou yo. Pran dòz rapèl la, epi fè timoun ou yo pran dòz rapèl osito yo elijib. Pa gen okenn pi bon moman pase kounye a pou timoun nou yo pwoteje kont COVID-19 pandan y ap antre nan vakans ete epi ap prepare pou ane lekòl k ap vini an.

"Nan nivo eta a, nou pral kontinye asire zouti sa yo disponib pou tout Nouyòkè yo pandan n ap travay ansanm pou avanse san danje atravè pandemi sa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418